

Kesyonè pou Depistaj CRAFFT

Tanpri di laverite nan repons pou tout kesyon yo; repons ou yo pral rete konfidansyèl.

Pati A

Pandan 12 MWA ki fenk pase yo, èske ou te:

Non

Wi

1. Konn bwè alkòl (plis pase kèk gòje)?

2. Konn fimen mariwana oswa achich?

3. Konn pran nenpòt ki lòt bagay pou fè w "santi w ap plannen anlè (high)"?

("nenpòt ki lòt bagay" kapab vle di dwòg ilegal, medikaman ki vann avèk oubyen san preskripsyon, oswa nenpòt bagay ou rale nan nen w, oubyen ou "aspire")

Si ou reponn NON pou yo TOUT (A1, A2, ak A3) reponn **sèlman B1** pi ba la a, epi **KANPE**.

Si ou reponn WI pou NENPÒT ladan yo (A1, A2, oubyen A3), reponn **B1 jiska B6** pi ba la a.

Pati B

Non

Wi

1. Èske ou te janm nan yon OTO epi chofè a (menm si se ou menm) te nan yon eta pou "santi l ap plannen anlè (high)" oubyen chofè a te bwè alkòl oswa pwan dwòg?

2. Èske ou konn bwè alkòl oswa pran dwòg pou DEKONTRAKTE W, oswa pou w santi ou pi alèz ak tèt ou, oswa pou w fè tankou lòt moun ki avèk ou?

3. Èske ou konn bwè alkòl oswa pran dwòg pandan pa gen moun avèk ou, oubyen paske w santi ou POUKONT OU?

4. Èske ou konn BLIYE sa ou te fè pandan ou t ap bwè alkòl oswa pran dwòg?

5. Èske moun nan FANMI w oswa ZANMI w janm di w pou ou bwè mwens oswa pran mwens dwòg?

6. Èske ou janm gen PWOBLÈM AK Lòt MOUN pandan w ap bwè alkòl oswa pran dwòg?

REMAK POU PÈSONÈL KLINIK AK POU DOSYE MEDIKAL:

Enfòmasyon ki ekri nan paj sa a kapab anba pwoteksyon règleman sou konfidansyalite (42 CFR, 2yèm Pati); règleman sa yo defann bay moun enfòmasyon sa yo, sòf si gen yon otorizasyon ekri dirèk pou sa. Otorizasyon jeneral pou bay enfòmasyon medikal yo PA ase pou pèmèt sa.

© Children's Hospital Boston, 2009.

Dokiman sa a kopye avèk pèmision Center for Adolescent Substance Abuse Research, CeASAR, nan Children's Hospital Boston. Kopi CRAFFT la fèt avèk sipò Massachusetts Behavioral Health Partnership.